**Республика Дагестан**

**Министерство образования и науки**

**МКОУ «Хелетуринская СОШ»**

---

| Утверждаю | Согласовано | Рассмотрено |
|---|---|---|
| Директор МКОУ | Зам. дир .по УВР | На заседании ШМО |
| Хелетуринская СОШ | МКОУ Хелетуринская СОШ | по родному языку |
| ______/Юсупов Ю.М./ | ____Газиева Э.Х./ | ____/Шехмагомедова /П. |
| | «30__»08__2024____г. | |

# Рабочая программа

# по родному языку

# 5 класс

**Составитель: Гаджиев Г.М.**

**учитель родного языка и литературы**

2024-2025 уч.го

# ПРОГРАММАЯЛЪЕ БАЯН

...Школалъул ц1акъго к1вар бугеб масъалалъун ккола г1ун бач1унеб г1елалъе щулияб ва гъваридао лъайкьей, гьезулъ гьеб лъай практикаялда х1алт1изабизе бажари ва ругьунлъи лъугьинаби, дунялалдехун материалистияб бербалагьи бижизаби.

Авар литературияб мац1алъул кьуч1 ккола болмац1, амма литературияб мац1 бечелъизе к1вар бугеб маг1данльун ккола киналго диалектал ва наречиял. Цогидал мац1азго г1адин, авар мац1алъги г1аммаб куцалда т1олго маг1арулазул рух1ияб бечелъи жанибе бачуна.

Ахираб заманалда г1исинал миллатазул мац1ал церет1еялде ц1ик1к1араб к1вар кьолеб буго. Гьел миллатазул рук1а-рахъин цебет1еялдаго цадахъ, гьезул мац1алги бечелъула, церет1ола ва хадубккунги гьел церет1езаризе руго.

Школалда авар ма1 мальиялда цереч1арал масъалаби.

Авар ма1 школалда лъазабиялда цереч1арал масъалабилъун ккола: ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби, пасих1го ц1али камиллъизаби ва каламалъул культура борхизаби.

Школалда авар мац1 малъиялъул мурад буго: ц1алдохъабазе фонетикаялъе, лексикаялъул, раг1и лъугьинальул ва хисиялъул, грамматикаялъул, стилистакаялъул х1акъалъулъ лъайщвей, жамг1ияб г1умруялда жаниб гьелъул к1варалъул х1акъалъулъ баянал кьей, бит1унхъваялъул ва лъалхъул ишараби лъеялъул иш камиллъизари, лъималазул раг1ул нахърател бечелъизаби.

V - IX классазда авар мац1альул курсалъул г1уц1и

Рахьдал мац1алъул программаялда рекъон, V - IX классазда ц1алдохъабазда малъизе ккола фонетика, графика, лексика, раг1и лъугьин, грамматика (морфология, синтиксис). Гьединго ц1алдохъабазда лъазе ккола стилистикаялъул ва мац!алъул х!акъалъулъ г1аммал г1елмиял баянал. Ц1алдохъаби ругьунлъизе ккола бит1ун хъвазе, бит1ун ц1ализе, калам г1уц1изе ва лъалхъул ишараби лъезе.

Авар мац1алъул материал гьадин бикьун буго: V, V1 ва VII классазда малъула фонетика, лексика, раг1и лъугьин, морфология ва бит1унхъвай. Синтаксис лъазабула VIII - IX классазда. Амма синтаксисалъул ва лъалхъул ишарабазул х1акъалъулъ бищун г1адатал (авалиял) баянал V классалдаго кьола, морфологияб курс синтаксисалъул кьуч1алда лъазабизе, калам цебет1езабиялъул ва пунктуациялъул х1алт1аби гьаризе рес бук1ине. Гьел церехун рехсарал рахъазул х1исабги гьабун, программаялда материал линейно-ступенчатый принципалда рекъон кьун буго. Гьединаб принципги кьоч1ое босун, «лексика», «раг1и льугьин», «предметияб ц1ар» г1адал темаби V ва VI классазда, «глагол» V, VI ва VII классазда кьун руго. «Бит1араб ва хъвалсараб калам» абураб тема V ва IX классазда малъулеб буго. Хут1арал темаби цадахъго малъизе рихьизарун руго. Такрарлъулел темаби хадусел классазда малъула гьваридго ва г1ат1идго. Гьединго программаялда дандч1вала байбихьул классазда лъималаз лъай- хъвай гьабурал темабиги. Гьединал темаби г1ат1идго малъизе ккола.

Программаялда т1олабго материал кьун буго лъималазул г1елазул хаслъабиги х1исабалде росун .

Ц1алдохъабазул калам цебет1езаби ва гьел пасих!го ц!ализе ругьун гьари.

Школалда авар мац1 малъиялъ ц1алдохъабазул логикияб пикру ва калам цебет1езабула.

Калам цебет1езабиялъе цоцада хурхараб лъабго нух буго.

Калам цебет1еялъул т1оцебесеб нух буго авар мац1алъул дарсазда лъималазул раг1ул нахърател бечед гьаби.

Авар мац1алъул дарсазда лъималазул раг1ул нахърател бечед гьабула бат1и-бат1иял словариял х1алт1абаздалъун, учебникалда ругел ругьунлъиялъул х1алт1абазул текстаздалъун, к1алзул ва хъвавул изложенияздалъун, сочиненияздалъун.

Ц1алдохъабазулгун словарияб х1алт1и гьабулелъул, гьел, жалго жидедаго ч1ун, рич1ч1уларел раг1аби ратизе, гьезул магТна учителасда гьикъизе ругьун гьари, словараздаса бит1ун пайда босизе лъай - бищунго к1вар бугел х1алт1абилъун ккола.

Калам цебет1езабиялъул к1иабилеб нух буго авар литературияб мац1алъул раг1аби лъугьиналъул, гьел дандраялъул, предложениял г1уц1иялъул, бит1ун ц1алиялъул ва гь. ц. нормаби лъай. Гьеб рахъалъ программаялда (жиб-жиб темаялъул к!иабилеб пункталда гъоркь) ч1ванкъог1ун бихьизабун буго щибаб классалда лъималазе щвезе кколеб лъайги лъугьине кколеб бажариги.

Калам цебет1езабиялъул лъабабилеб нухги буго авар мац1альул дарсазда бат1и-бат1ияб темаялъул ва жанралъул материалазда т1асан ц!алдохъаби к1алъазе ругьун гьари.

Калам г1уц1изе ц!алдохъаби ругьун гьариялъе лъик1алан заманги бихьизабун буго. (Авар мац1алъе рихьизарурал саг1тазул щуго бут1а гьабун цо бут1а). Калам г1уц1изе ругьун гьари ц1ик1к1араб к!вар бугеб иш бугелъул. гьелъие мац1алъул программаялда жиб-жиб классалъе бат1аго темабиги кьун руго.

Ц1алдохъанасда лъазе ккола тексталда т1ад х1алт1изе, гьелъул аслияб пикру батизе, къокъаб ва г1ат1идаб план г!уц1изе, гьелда рекъон материал тартибалдеги ккезабун, (бицунги хъванги) изложение т1обит1изе.

Авар мац1алъул дарсазда к1вар кьезе ккола ц!алдохъабазул к1алзул монологияб калам камиллъизабиялде. Гьелъие г!оло ц1алдохъаби т1амизе ккола бат1и-бат1иял темабазда т1асан к1алъазе.

Т1олабго лъаг1алида жанир гьарурал х1алт1абаздалъунги, изложениядалъунги, сочинениядалъунги ц1алдохъабазулъ бит1араб к1алзул ва хъвавул калам г1уц1иялъул бажари лъугьине буго.

Изложениязе текстал ва сочинениязе темаби т1аса рищулеб мехалъ, гьел тарбия кьеялъул ва г1елмияб рахъалъан дандекколел рук1ине ккола.

Ц1алдохъабазул калам цебег1езабиялъе бихьизабураб лъабабго нухалъ гьезул каламалъулъ дандч!валел г1унгут1аби ва гъалат1ал т1аг1инаризе квербакъула.

Ц1алдохъабазул калам цебет1езабиялда бухьараб буго пасих!го ц!ализе лъазабиялъул ишги.

Пасих1го ц1алиялъул ругьунлъаби камиллъизаризе художествиял текстал (хабар, маргьа, кеч1) росула.

Пасих1го ц!ализе лъимал ругьун гьариялъе синтаксис лъаялъулги к1удияб к1вар буго. Гьелъ рес кьола калам камил гьабизе ва цебет1езабизе.

Бит1унхъваялъул рахъалъ бажари борхизабула, бат1и-бат1иял тайпаялъул (г1инзулаб, берзулаб, кант1изариялъулаб, баян гьабиялъулаб, творческияб г1адал) диктантал гьарун.

Авар мац1алъул дарсазда цоги предметазулгун бухьен

Школалда ц1алдохъабаз аслияб куцалда лъазабула литературияб мац!. Гьединлъидал щулияб бухьен бук!ине ккола адабияталъул курсалъулгун. Гьениб к1вар кьезе ккола

художествиял асаразде. Гьелъ рес кьола мац!алъул цо-цо хаслъаби цереч1езаризе, раг1аби х1алт1изариялда, грамматикиял формабазда, бат1и-бат1иял синтаксисиял г1уц1абазда, текстальул бут!абазул ва предложениязул бухьеналъул къаг1идабазда, калам х1алт1изабиялъул бат1и-батТиял рахъазда хурхарал суалал баян гьаризе.

К1удияб к1вар буго г1урус мац1алъулгун бухьен кквеялъулги. Гьельги рес кьола к1иябго мац1алъул грамматикиял г!аммал ва хасал рахьал ч1езаризе, ай цого классалда гьеб к!иябго лъазабулелъул, гьезул дандекколелги кколарелги рахъазул х1исаб гьабун, дарскьей чара гьеч!еб методикияб къаг1идалъун ккола. Гьебго абизе бегьула школалда лъазабулеб къват1исеб пачалихъалъул мац!алъул х1акъалъулъ

**10 класс**
**11 класс**

Гьаб программаялъ X-X1 классалда рахьдал мац1 малъизе бихьизабун буго анкьида жаниб цо саг1ат. Кинабниги к1иго лъаг1алида жаниб - 68 сагlат. Т1асиял классазул программаялда рекъон, авар мац1алъул аслияб курс лъуг1ула V-IX классазда. Гьединлъидал X-XI классазда авар мацI малъиялъул аслияб масъалалъун буго цебехун малъараб программияб материал алъул к1вар бугел баянал гъваридго ва г1ат1идго такрар гьари.

Программаялъ гъорлъе рачуна гьал хадур рехсарал бут1аби: практикияб стилистика ва каламалъул культура, лексикология, фразеология, фонетика, бит1ун аби вабит1унхъвай, раг1ул г1уц1и, грамматика ва пунктуация.

## ТЕМАТИЧЕСКОЕ ПЛАНИРОВАНИЕ

## Авар мац1 5 КЛАСС

| № п/п | Наименование разделов и тем программы | Количество часов | |
|---|---|---|---|
| | | Всего | Контрольные работы |
| 1 | **Мац1 цоцазулгун бухьен гьабулеб алат х1исабалда.** | 1 | |
| 2 | **Байбихьул классазда малъараб материал такрар гьаби.** | 2 | |
| 3 | **Синтаксис ва пунктуация.** | 32 | 5 |

# Авар мац1 5 класс

| № | Дарсил тема | Чан саг1ат | Дарсил тайпа | Дарсил мурад | Рокъобе х1алт1и | Къо моц1. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | **Мац1 цоцазулгун бухьен гьабулеб алат х1исабалда.** | | | | | |
| 1 | Мац1 ва инсан. Каламалъул стилал | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Инсанасул г1умруялда жаниб мац1алъул к1вар ц1алдохъабазда лъай;<br>2. Мац1-миллаталъул аслу бук1ин бич1ч1изаби;<br>3. Каламалъул стилазул х1акъалъулъ баян кьей;<br>4.Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби. | § 1, 2 гьум. 3-6 | 03.09. 2024 |
| | **Байбихьул классазда малъараб материал такрар гьаби.** | | | | | |
| 2 | Раг1ул г1уц1и. Геминатал ва лабиалиял гьаркьал. | 1 | Такрар гьаби | 1. Раг1ул г1уц1и такрар гьаби;<br>2. Морфологияб къаг1идаялъ ц1иял раг1аби лъугьинаризе ц1алдохъаби ругьун гьари;<br>3. Геминатазул бит1ун хъваялъул ва каламалъулъ гьел х1алт1изаризе ругьун гьари;<br>4.Лабиалиял гьаркьазул баян кьей;<br>5.Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби. | § 3, х1. 15 (лъ). | 10.09. 2024 |
| 3 | Каламалъул бут1аби. | 1 | Такрар гьаби | 1. Каламалъул бут1аби такрар гьари;<br>2. Предметияб ц1аргун ва прилагательноялгун предложенияал г1уц1изе лъазе;<br>3.Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби. | § 4, х1 27 гьум 14. | 17.09. 2024 |
| **Синтаксис ва пунктуация.** | | | | | | |
| 4 | Раг1абазул дандрай. Предложение.Текст. | 1 | Такрар гьаби | 1. Раг1абазул дандраялъул баян кьей;<br>2. Предложениялъул баян кьей;<br>4. Предложениязул тайпаби лъай;<br>5. Тексталъул баян кьей;<br>6.Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби. | | 24.09. 2024 |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | § 5, 6, 7<br>гьум. 17-26 | | |
| 5 | Абулеб жоялъул мурадалде балагьун, предложениязул тайпаби.<br>Ах1ул предложение. | 1 | Такрар гьаби | 1. Абулеб жоялъул мурадалде балагьун, предложениязул тайпаби лъай;<br>2.Ах1ул предложение бат1а гьабизе лъай;<br>3.Тексталъулъ хабариял, суалиял ва т1алабиял предложениял ратизе ругьун гьари;<br>4. Хъвавул калам цебет1езаби. | § 8,9 гьум 26-30. | 01.10. 2024 |
| 6 | Диктант.<br>Гъалбац1ги гьойги | 1 | | 1. Ц1алдохъабазул бит1унхъваялъул ва лъалхъул ишараби лъеялъул бугеб бажари ц1ехей;<br>2. Хъвавул калам цебет1езаби. | Малъараб материал такрар гьаби | 08.10. 2024 |
| 7 | Предложениялъул членал.<br>Подлежащее. | 1 | Ц1ияб мат. малъи | 1. Предложениялъул х1акъалъулъ бич1ч1и кьей;<br>2. Предложениялъул бет1ерал членал такрар гьари;<br>3. Предложениялда жаниб подлежащее батизе ц1алдохъаби ругьун гьари;<br>4. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби. | § 10, 11, х1. 66<br>гьум.34. | 15.10. 2024 |
| 8 | Сказуемое<br>Бит1араб дополнение | 1 | Ц1ияб мат. малъи | 1. Сказуемалъе баян кьезе;<br>2. Ц1алдохъаби предложениязда жанир сказуемое батизе ругьун гьари ва гьелъие суал кьезе ругьун гьари;<br>3. Ц1алдохъаби предложениязда жанир бит1араб дополнение батизе ругьун гьари;<br>4. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби. | § 12, 13<br>х1. 84 (лъ)<br>гьум. 38-40 | 22.10. 2024 |
| 9 | Предложениялъул бет1ерал гурел членал.<br>Определение. | 1 | Ц1ияб мат. малъи | 1.Предложениялъул бет1ерал гурел членал такрар гьари;<br>2. Определение бет1ераб гуреб член бук1ин бич1ч1изаби;<br>3. Определениялъул х1акъалъулъ бич1ч1и кьей; | § 14, 15<br>гьум. 46<br>х1. 96 | 05.11. 2024 |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | 4. Предложениялда жаниб определение батизе ругьун гьари;<br>5. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби. | | |
| 10 | Хъвалсараб дополнение<br>Х1ал. Раг1абазул диктант | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Хъвалсараб дополнениялъе баян кьезе;<br>2. Предложениялда жаниб батизе лъай;<br>3. Х1алалъул х1акъалъулъ баян кьезе;<br>4. Предложениялда жаниб х1ал батизе ц1алдохъаби ругьун гьари;<br>5. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби. | § 16, 17;<br>х1. 110<br>гьум. 51 | 12.11.<br>2024 |
| 11 | Т1ирит1ич1ел ва т1ирит1арал предложениял.<br>Тайпа цоял члeналгун предложениял. | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Хъвалсараб дополнениялъе баян кьезе;<br>2. Предложениялда жаниб батизе лъай;<br>3. Х1алалъул х1акъалъулъ баян кьезе;<br>4. Предложениялда жаниб х1ал батизе ц1алдохъаби ругьун гьари;<br>5. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби. | § 18, 19<br>гьум. 52-56 | 19.11.<br>2024 |
| 12 | Хит1аб.<br>Хит1абгун лъалхъул ишараби. | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Х1ит1абалъе баян кьезе;<br>2. Хит1абгун предложениял г1уц1изе ругьун гьари;<br>3.Предложениялъулъ гьеб бат1а гьабизе лъай;<br>4. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби. | § 20<br>х1. 133<br>гьум. 60 | 26.11.<br>2024 |
| 13 | Сочинение.<br>Хасалихълъи. | 1 | Калам цебет1езаби | 1. Ц1алдохъи сочинение хъвазе ругьун гьари;<br>2. Т1абиг1аталде бугеб рокьи жеги ц1ик1к1инаби;<br>3. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби. | Сочинение хъван лъугьинаби зе | 03.12.<br>2024 |
| 14 | Г1адатаб предложениялъул синтаксисияб разбор.<br>Г1адаталги жураралги предложениял. | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Г1адатаб ва жубараб предложениязе баян кьей;<br>2. Г1адатал предложениял союзазул кумекалдалъун жураразде сверизаризе ругьун гьари; | § 21, 22<br>гьум. 62-63,<br>х1.148<br>гьум.67 | 10.12.<br>2024 |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | 4. Г1адатаб предложениялъул синтаксисияб разбор гъабизе ругъун гьари;<br>5. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби. | | |
| 15 | Бит1араб калам. Диалог. Синтаксис ва пунктуация такрар гъаби. | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1.Бит1араб каламалъе баян кьезе;<br>2. Бит1араб каламалъулъ лъалхъул ишараби лъезе ругъун гьари;<br>3. Диалогалъе баян кьезе ;<br>4. Диалог г1уц1изе ругъун гьари;<br>3. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби. | § 23, 24, 25, х1. 167 (бицун) гъум.74-75 | 17.12. 2024 |
| 16 | Фонетика. Рагьарал гьаркьал. Рагьукъал гьаркьал. | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Гьаркьида ва х1арпалда гьоркьоб бугеб бат1алъи лъай;<br>2. Каламалъул лугбузулгун лъай-хъвай гьаби;<br>3.Рагьаралги рагьукъаги гьаркьазда гьоркьоб бат1алъи бихьизаби;<br>4. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 26, 27, 28 гьум. 77-79 | 24.12. 2024 |
| 17 | Лабиалиял гьаркьал ва геминатал. | 1 | Ц1ияб мат. малъи | 1.Лабиалиял гьаркьазе баян кьезе;<br>2.Геминатазе баян кьезе ва бит1ун абизе ругъун гьари;<br>3.К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 29 х1. 184 (бицун) гьум. 83 | 14.01. 2025 |
| 18 | Графика. Алфавит. Е,Ё,Ю,Я х1арпал. Ъ, Ь х1арпал. | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1.Графикалъе баян кьезе;<br>2. Тартибалда бит1ун алфавит лъай;<br>3. Х1арпги гьаракьги цоцаздаса бат1а гьабизе лъай.<br>4. Е,Ё,Ю,Я х1арапаз раг1ул авалалда ва рагьарал гьаркьазда хадуб к1иго гьаракь бихьизабулеб бук1ин лъай;<br>5.Ъ ва Ь маг1арул мац1алда т1убазабулеб хъулухъ;<br>6. Ь ва Ъ ругел раг1аби бит1ун хъвазе ругъун | § 30, 31, 32 гьум. 83-89 | 21.28. 2025 |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | гьари;<br>7. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби. | | |
| 19 | Ясги ц1ц1еги. Калам цебет1езаби. | 1 | Калам цебет1езаби | 1. Ц1алдохъабазул к1валзул ва хъвавул калам цебет1езаби. | Изложения лъе х1адуризе | 28.01. 2025 |
| 20 | Ясги ц1ц1еги. Изложение. | 1 | Калам цебет1езаби | 1. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Малъараб материал такрар гьаби | 04.02. 2025 |
| 21 | Слог ва раг1и бикьун боси. Ударение. | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Слогалъе баян кьезе;<br>2. Раг1и бит1ун, слогазде бикьизе лъай ва цо мухъидаса цоги мухъиде бит1ун босизе малъи;<br>3. Ударениялъе баян кьезе;<br>4. Ц1алдохъабазе байбихьул классазда щвараб бажари ударение лъезе жеги камил гьабизе;<br>5. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби. | § 33, 34, 35 к/с гьум.94-95 | 11.02. 2025 |
| 22 | Лексика. Каламалъул культура.<br>Раг1и ва раг1ул лексикияб маг1на. Цо маг1наялъул ва г1емер маг1наялъул раг1аби. | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1.Лексикаялъул х1акъалъулъ бич1ч1и кьезе;<br>2. Цо маг1наялъул ва г1емер маг1наялъул раг1абазе бич1ч1и кьезе;<br>3. Г1емер маг1наялъул раг1абигун предложениял г1уц1изе лъазе;<br>4. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби. | § 36, 37 гьум. 96-100 | 18.02. 2025 |
| 23 | Раг1ул бит1араб ва хъвалсараб маг1на. Омонимал. Синонимал. Антонимал. | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Раг1ул бит1араб ва хъвалсараб маг1на бук1унеблъи лъай;<br>2. Раг1ул бит1араб ва хъвалсараб маг1наялда предложениял г1уц1изе ругьун гьари;<br>3. Омонимазе баян кьезе;<br>4. Мисалал рачине ругьун гьари;<br>5. Синонимазе баян кьезе;<br>6. Синонималгун предложениял ургъизе ругьун гьари;<br>7. Антонимазе баян | §38, 39, 40, 41 гьум.101-105 | 25.02. 2025 |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | кьезе;<br>8. Омонимаздаги, синонимаздаги, антононимаздаги гьоркьоб бугеб бат1алъи бихьизабизе;<br>9. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | | |
| 24 | Такрар гьаби | 1 | Такрар гьаби | 1. Цереккун дарсазда малъараб материал такрар гьаби;<br>3. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 42 гьум.105-106 | 04.03. 2025 |
| 25 | Эркенаб диктант. Гъалбац1ги гьойги | 1 | Калам цебет1езаби | 1. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби. | Малъараб материал такрар гьаби. | 11.03. 2025 |
| 26 | Морфема-раг1ул бищун гьит1инаб маг1наяб бут1а. Раг1ул аслу ва ахир. | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1.Морфемалъе баян кьезе;<br>2. Раг1ул ахиралъе ва аслуялъе баян кьезе;<br>2. Ц1алдохъаби ругьун гьаризе раг1абазулъ ахир ва аслу батизе;<br>3. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 43,44 х1.262 гьум.111 | 18.03. 2025 |
| 27 | Раг1ул кьибил. Суффикс. Раг1ул кьибилалъулъ гьаркьазул хиси. | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Раг1ул кьибилалъе баян кьезе;<br>2. Раг1абазулъ кьибил батизе ругьун гьари;<br>3. Суффиксалъе баян кьезе;<br>4.Суффиксалъул кумекалдалъун раг1аби лъугьинаризе ругьун гьари;<br>5. Раг1ул разбор гьабизе ругьун гьари;<br>6. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | §45, 46, 47 гьум.112-118 | 01.04. 2025 |
| 28 | Морфемика. Орфография такрар гьаби. Раг1ул г1уц1иялъул разбор. | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1.Орфография такрар гьаби;<br>2.Раг1ул г1уц1иялъул разбор гьабизе ругьун гьари;<br>3.К1алзуз ва хъвавул калам цебет1езаби. | §48 гьум.118-119 х1.289 гьум.120 | 08.04. 2025 |
| 29 | Предметияб ц1ар. Предметияб ц1аралъул маг1на ва гьелъул грамматикиял г1аламатал. Хасал ва г1аммал ц1арал. | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Предложениялъул членал ва каламалъул бут1аби такрар гьари;<br>2. Предложениязулъ предметиял ц1арал ратизе ругьун гьари;<br>3. Хасалги г1аммалги ц1аразда гьоркьоб бугеб | §49, 50 х1. 309, гьум. 127 | 15.04. 2025 |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | бат1алъи бихьизаби;<br>4. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | | |
| 30 | Предметияб ц1аралъул жинс. Предметияб ц1аралъул цолъул ва г1емерлъул форма. Предметияб ц1ар такрар гьаби. Предметияб ц1аралъул морфологияб разбор. | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Предметияб ц1аралъул жинсал рак1алде щвезаризе;<br>2. Суалаздалъун жинс бат1а бахъизе ругьун гьари;<br>3. Предметияб ц1аралъул формабазе баян кьезе;<br>4. Цо форма цогиялде хисизе ругьун гьари<br>5. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | §51, 52, 53 гьум.128-134 | 22.04. 2025 |
| 31 | Глагол. Каламалъул бут1а х1исабалда глагол. Рухьарал ва т1адч1арал глаголал. Жинсиял ва жинсиял гурел глаголал. | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. К/б такрар гьари;<br>2. Глаголалъе баян кьезе;<br>3. Глаголалъул грамматикиял г1аламаталгун лъай-хъвай гьаби;<br>4. Рухьаралги т1ад ч1аралги глаголазда гьоркьоб бугеб бат1алъи бихьизаби;<br>5. Рухьарал ва т1адч1арал глаголал рат1а гьаризе ц1алдохъаби ругьун гьари;<br>6. Жинсал такрар гьари;<br>7. Жинсиял ва жинсиял гурел глаголазул бицине;<br>8. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби. | §54,55, 56 гьум.140 х1.337 | 29.04. 2025 |
| 32 | Глаголияб ц1ар. Глаголалъул заман. Араб заманалъул глагол. Бач1унеб заманалъул глагол. Г1ахьалаб заманалъул глагол. Гьанже заманалъул глагол. | | | 1. Глаголалдаги глаголалъул ц1аралдаги гьоркьоб бугеб бат1алъи бихьизаби;<br>2. Глаголияб ц1ар бат1а гьабизе ц1алдохъаби ругьун гьари;<br>3. Араб, бач1унеб, г1ахьалаб ва гьанже заманаби рат1а гьаризе лъай;<br>4.Тексталъулъ араб, гьанже, бач1унеб ва г1ахьалаб заманалъул глаголал ратизе ругьун гьари;<br>5. К1алзул ва хъвавул | §57-63 к/с гьум.150 | 06.05. 2025 |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | калам цебет1езаби | | |
| 33 | Контролияб диктант. Т1абиг1иял бечелъабаздаса бит1ун пайда босизе. | 1 | Х1асил гьаби | Ц1алдохъабазул бит1унхъваялъул ва лъалхъул ишараби лъеялъул даража борци | Малъараб материал такрар гьаби | 13.05. 2025 |
| 34 | Х1асил гьабиялъул дарс | 1 | Х1асил гьаби | 1. Малъараб материал такрар гьаби;<br>2. К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | такрар гьаби | 20.05. 2025 |
| 35 | Такрар гьабиялъул дарсал. | 1 | Х1асил гьаби | Малъараб материал такрар гьаби; | такрар гьаби | 27.05. 2025 |

**V классалъул ц1алдохъабазул лъаялдехун ва бажариялдехун ругел аслиял т1алабал.**

**Ц1алдохъабазда лъазе ккола:**

раг1ул бит1араб ва хъвалсараб, г1емер ва цо маг1на бук!ин, омонимал, синонимал ва антонимал;
раг1ул фонетикияб, морфологияб ва г1уц1иялъул разбор гьабизе;
бат1и-бат1иял тайпабазул г1адатал предложениял г1уц1изе;
г1адатал предложенияздаса союзалдалъунги союзал гьеч1огоги журарал сок1к1арал предложениял г1уц1изе;
кьолболъ хиси кколел предметияз ц!аралдул г1емерлъул форма бит1ун лъугьинабизе.

**Ц1алдохъабазухъа бажаризе ккола:**

Орфографиялъул рахъалъан: г1адамазул ва географиял ц1аразулъ, къват1азул, байданазул ва пачалихъиял байрамазул ц1аразулл к1удияб хlарп хъвазе;
т1ахьазул, газетазул, журналазул, суратазул, кинофильмабазул, литературиял асаразул ц1аразул бет1ералда к1удияб хlарп хъвазе ва кавычкаби лъезе;
**Пунктуациялъул рахъалъан:** хит1абазулъ лъалхъул ишараби лъезе; журарал сок1к1арал предложениязулъ запятаял лъезе;
тайпа цоял членазулъ ва бит1араб каламгун предложениялъулъ лъалхъул ишараби лъезе.
**Орфоэпиялъул рахъалъан:**
геминатал ва лабиалиял гьаркьал бит1ун рахъизе; бак1алъул диалекталде дандеккун литературияб мац1алъулъ ругел бат1и- бат1иял гьаркьал бит1ун рахъизе.
**Калам г1уц1иялъул рахъалъан:**
тексталъул тема ва аслияб пикру ч1езабизе;
хабарияб тексталъул г1адатаб план г1уц!изе;
дурусго ва къокъго хабариял текстал рицине ва хъвазе;
бихьизабураб темаялда т1асан сочинение хъвазе;
жинцаго гьабураб х1алг1ул х1акъалъулъ хабар хъвазе ва бицине;
жиндирго пикру баянго, дурусго бицине, берцинго хъвазе, х1ажат гьеч1еб такрарлъи биччангут1изе, жиндирго каламалъулъ лексикиял синонимал х1алт1изаризе.